

# Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



## Konprann Pwen Enpòtan SSI: Estimasyon Salè ak Resous Paran



Mwen gen yon timoun enfim ki poko gen 18 tan epi m ap travay.

### Èske pitit mwen kapab kalifye pou benefis SSI?

Pètèt. Nou konsidere kèk nan [revni](#) ak [resous](#) ou ki dwe disponib pou pitit ou. Yo ka afekte posiblite pou pitit ou ka resevwa benefis SSI epi kantite li ka resevwa a.

Pwosesis pou detèmine kantite lajan [revni](#) ak [resous](#) ou n ap itilize rele "estimasyon".

### Kilè estimasyon an aplike?

Estimasyon aplike si paran an (yo) gen [revni](#) ak/oswa [resous](#) nou dwe konsidere.

#### EPITOU

Timoun nan:

- poko gen 18 tan; epi
- ap viv nan kay avèk paran natirèl li (yo) oswa paran adoptif li (yo); oswa
- ap viv deyò nan lekòl, men li vini nan kay la kèk wikkens, jou fèt oswa lè lekòl bay vakans epi li ka anba kontwòl paran.

### Èske estimasyon revni ak resous aplike si konjwen mwen se yon bòpè/bèlmè pou pitit mwen?

Wi. [Salè](#) ak [resous](#) yon bòpè/bèlmè ap konsidere.

### Èske estimasyon an konsidere tout revni ak resous?

Nou pa estime kèk kalite [revni](#) ak [resous](#).

Egzanp [revni](#) nou pa estime:

- Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite;
- Depatman pansyon Afè Veteran;
- asistans jeneral;
- peman yon fanmi plasman pou yon timoun ki pa elijib; epi
- revni ki itilize pou fè depans sipò tribinal òdone.

Egzanp [resous](#) nou pa estime:

- yon kay;
- atik menaje;
- afè pèsonèl; ak
- lajan nan fon pansyon.

Nou konsidere sèlman yon pati kalite [revni](#) oswa [resous](#) nou itilize.

## **Kilè estimasyon an aplike?**

Estimasyon ap sispann nan mwa apre pitit ou gen 18 tan. Answit, yon timoun ki pa resevwa benefis SSI akòz estimasyon an, ka anmezi pou resevwa benefis SSI lè li vin gen 18 tan.

Estimasyon pa aplike nan kèk lòt sitiyasyon.